



Egzijans pou Gradyasyon

Pou gradye nan yon **Lekòl Piblik Providence** yon elèv dwe genyen pou pi piti 21 kredi kou nan kèk domèn kontni, patisipe nan pi piti yon egzamen preparasyon pou inivèsite ak pou karyè epi fè yon evalyasyon ki baze sou diplòm oswa yon pwojè ki apwouve pou elèv la.

1 Kondisyon pou kredi pou kou lekòl segondè

Pou kapab diplome, elèv yo dwe fini yon minimòm 21 kredi jan sa a mansyone anba a:

- X 4 Lang Anglè
- X 4 Matematik (Aljèb 1, Jeyometri, Aljèb 2)
- X 3 Syans Sosyal
- X 3 Syans
- X 2 Lang mondyal*
- X 2 PE/Sante
- X 0.5 nan Atizay
- X 0.5 Teknoloji
- X 0.5 Metriz finansye**
- X 2 kredi siplemantè ochwa

**Egzansyon nan lang inivèsèl la pou elèv ki genyen andikap yo pral detèmine pa ekp IEP yo jan sa apwopriye.*

***Yo ka ranpli sa a atravè yon Finans Pèsonèl oswa yon lòt kou ki apwouve, ki montre metriz pa pwodwi pou pwomosyon gradyasyon 2024. Yo pral mande 1.5 jiska 2 kredi ochwa adisyonèl pou elèv sa yo ki idantifye, selon fason yo konplete kou Metriz Finansye a.*

2 Ekzamen ki baze sou Preparasyon pou inivèsite ak karyè

Tès ak evalyasyon ki mansyone anba a mezire konpetans elèv la nan lekti, ekriti ak nan matematik. Pou kapab diplome, elèv yo dwe fini pou pi piti youn nan sa yo ki annapre yo:

- X PSAT/NMSQT
*SAT Preliminè/ Merit Nasyonal
Tès Kalifikasyon Bousdetid*
- X SAT
*Ansyen Tès Evalyasyon Lekòl la,
kounye a yo rele tou senpleman SAT*
- X ACT (Tèd pou Inivèsite Ameriken)
- X AP (Plasman avansè)

3 Evalyasyon Diplòm sou Baz Pèfòmans

Yon evalyasyon diplòm sou baz pèfòmans genyen ladan yon seri tach ki genyen plizyè fasèt ki sèvi kòm yon *demonstrasyon kilminan nan konpetans aprantisaj aplike yon elèv ak konesans li nan youn oswa plis domèn kontni yo.*

Opsyon Sètifika pou Elèv k ap Fè Evalyasyon Altènatif Rhode Island yo

Elèv ki elijib pou evalyasyon altènatif la jan sa mansyone nan Plan Edikasyon Pèsonalize (IEP)